

16

fevriye

Alò, lè Jezi pran vinèg la, li di : Se fini ! Epi, li bese tèt li, li remèt lespri li. Jan 19. 30

Pawòl viktwa a (6)

Sèt pawòl Jezi te di lè l te sou lakwa

“Se fini”. Sizyèm pawòl Jezi a gen anpil pisans ladan ; li montre yon asirans, li souliye ak fòs yon bagay ki rive nan bout li. Nan finisman sizè sa yo sou lakwa, nan moman ki vini avan lanmò Jezi a, yon bagay yo te anonse, men moun pa t kapab konprann jiska moman sa, vin jwenn vrè sans li. Kòman nou kapab konprann pawòl sa ? Repons lan laj anpil epi li san limit...

Pa mwayen pawòl sa, se Lekriti yo ki akonpli, sa vle di, tout pwofesi ki te pale sou vini, ministè, lanmò Jezi, men tou sou tout sa Bondye te di de sakrifis yo, rityèl yo, lalwa a te mande a. Jezi, se te Ti mouton Bondye a, yo ofri tankou yon sakrifis.

Zèv lavi etènèl la fini, nan tout sans li. Jezi vin tounen sila ki delivre, redanmtè a, li te peye dèt nou te genyen an devan Bondye poutèt peche nou yo : ekspresyon sa : “Se fini” yo te konn mete l anba fakti yo pou montre dèt la fin peye. Se li menm ki te ranplase nou sou lakwa : “Li menm, li pote peche nou yo nan kò li, sou bwa a” (1 Pyè 2. 24). Se li menm ki te pwopisyasyon nou : Kounye a nou ka jwenn Bondye.

Se sèl Jezi ki te ka fè moun tandè pawòl sa. Li montre sa te nan mitan plan Bondye. Yon sèl bagay Bondye mande nou : kwè, epi n ap pran tout efikasite zèv Jezi te fè a. Ala komik sa komik, egzòtasyon relijyon yo ki mande lòm pou “fè”, kèk bagay anplis pawòl Jezi te voye bay tout limanite a : “Se fini” !

(l ap kontinye 23 fevriye)

16 février

Quand donc Jésus eut pris le vinaigre, il dit : C'est accompli. Puis, ayant baissé la tête, il remit son esprit.

Jean 19. 30

La parole de victoire (6)

Les sept paroles de Jésus sur la croix

“C'est accompli”. La sixième parole de Jésus est empreinte de puissance ; elle exprime une certitude, souligne avec force un aboutissement. À la fin de ces six heures de la croix, à ce moment qui précède la mort de Jésus, quelque chose qui était annoncé mais ne pouvait être compris jusque-là, trouve son sens définitif. Comment comprendre cette parole ? La réponse est vaste et infinie...

À travers elle, ce sont les Écritures qui s'accomplissent, c'est-à-dire toutes les prophéties concernant la venue, le ministère, la mort de Jésus, mais également tout ce que Dieu avait dit au sujet des sacrifices, des rites prescrits par la Loi. Jésus a été l'Agneau de Dieu, offert en sacrifice.

L'œuvre de salut est accomplie, dans ses multiples aspects. Jésus est devenu celui qui rachète, le rédempteur, il a payé la dette que nous avons vis-à-vis de Dieu à cause de nos péchés : l'expression “c'est accompli” figurait à l'époque au bas d'une facture pour signifier qu'elle était entièrement payée. Il a été notre substitut à la croix : “il a porté nos péchés en son corps sur le bois” (1 Pierre 2. 24). Il a été notre propitiation : Dieu nous est maintenant propice, favorable.

Jésus seul pouvait faire entendre cette parole. Elle le montre au centre des plans divins. Dieu nous demande une seule chose : croire, et nous approprier la pleine efficacité de l'œuvre accomplie. Combien paraissent dérisoires les exhortations des religions qui invitent l'homme à “faire”, à côté de cette parole de Jésus, adressée à l'humanité entière : “C'est accompli” !

(suite le 23 février)